

Jounen mondyal pou desitire lamizè,

Ayiti, Oktòb 2018

Konferans pou laprès, Pòtoprens

Pou anonsé selebrasyon jounen mondyal pou di non ak lamizè a, Ofis pwoteksyon sitwayen (OPC), Lakou/Lakay Don Bosko, Jistik ak Lapè ak ATD Kamond te organize yon konferans pou laprès nan lokal OPC jou madi ki te 16 oktòb la. Te genyen 18 medya prezant (radyo, televizyon, jounal ekri ak medya ki sou entènèt). Konferans sa a te organize nan objektif pou fè konnen pi plis jounen entènasyonal pou elimine povrete a, di ki kalite jefò pi pòv yo ap fè pou goumen kont lamizè epi sansibilize sossyete a sou kesyon pi pòv yo.



Rasanbleman nan Janrabèl (Nò Dwès)

Kòm se premye fwa nou te selebre 17 oktòb nan Janrabèl, sa te mande yon sansibilizasyon ak kolaborasyon tout moun. Aktivite nou kounyeya, se bibliyotèk nan abitasyon Pize ak Bab Panyòl. Nou konn organize kèk reyinyon ki pèmèt nou rankontre paran yo.

Pou preparasyon 17 oktòb la, nou te fòme yon gwoup paran nan Pize ak Bab Panyòl pou yon temwanyaj kolektif, kèk chan ak granmoun yo epi timoun yo. Nou te fè plizyè rankont ak yo. Pwen ki parèt nan toulede temwanyaj yo se te enfrastrikti ak asenisman : pa gen wout ni mwayen transpò pou ale vann rekòt yo, pa gen dlo potab.



Jou 17 oktòb la, moun Bab Panyòl yo te mache plis passe dezèdtan pou vini nan selebrasyon an ki te fèt Pize. Direktè meri Janrabèl la te la. Li te reyaji aprè l te fin tande temwanyaj yo. Li

pwomèt li pral fè swivi ak lòt enstans konsène yo pou lekòl ak pou kapte dlo. Gen kèk Azèk seksyon Lakoma a ki te la tou. Yo te pran lapawòl sou eta seksyon an.

258 moun te patisipe. Yo te kontan anpil men yo te twouve tan an twò piti. Moun Bab Panyòl yo mande pou selebrasyon sa a fèt lakay yo ane k ap vini an. Yo santi yo deja prè, yo espere fè plis pase sa.



Rasanbleman Lakay Don Bosco, Pòtoprens

Twasan (300) moun pamí yo, yon santèn jèn, te rasanble nan lokal Pè Don Bosco yo sou Boulva Lasalin pou selebre jounen mondyal pou di non ak lamizè. Gran rasanbleman sa a te bay chak moun ki preznan posibilité pou yo pran yon ti tan pou dekouvri travay ATD Kamond ak Lakay Don Bosko nan **eksposizyon** tèks ak foto ki te genyen nan jounen sa a.



Yon **temwanyaj** te li nan non yon gwoup fanmi ki reyini nan aktivite kominotè ATD Kamond. Yo te temwanye kouman yo pa p janm sispann goumen malgre anpil difikilite y ap rankontre - desepsyon, imiliasyon ak move lavi - pou kenbe fanmi yo ini ak viv nan diyite. Yo te temwanye tou kouman yo jwenn fòs lè yo mete yo ansamn nan yon aksyon kominotè. Moun ki te preznan nan gran rasanbleman sa a te kapab konstate kouman temwanyaj kolektif la te travèse piblik la.

Timoun k ap viv nan lari ki nan aktivite Bibliyotèk nan lari (BDR) ak ATD Kamond nan **Lakou** Don Bosco te chante yon bèle **chan**. Nan chan sa a, yo te eksprime kòlè yo ak endiyasyon yo paske fanmi yo manke yo. Yo pa ka jwenn souri manman yo ak papa yo epi tou yo pa ka fè lago kache ak ti frè, ti sè yo. Pawòl yo te touche piblik la anpil.



Nou p ap ka blye patisipasyon kèk jèn ki t ap viv nan lari epi tou ki te pase nan atelye Lakou/lakay ki te prezante yon **cho sik** ki te mete anpil chalè nan piblik la. Cho sa a te fè moun sezi paske li te reyalize ak anpil teknik.

ATD Kamond ak Lakay p ap manke eksprime satisfaksyon yo ak piblik la ki te fè deplasman malgre anpil dout ki te genyen akòs ensekirite nan sant vil la.